



Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou Ameriken Sanzabri yo

Ou pa bezwen gen yon adrès pèmanan pou w resevwa pèman avans yo.

Ou kalifye pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si ou gen yon **timoun kalifye**. Epitou, oumenm — oswa konjwen w lan, si nou fè deklarasyon konjwen antanke marye — dwe genyen rezidans prensipal nou nan youn nan 50 Eta yo oswa nan Distrik Columbia a pandan plis pase mwatye ane a.

Rezidans prensipal ou a kapab nenpòt kote ou abitye rete.

Pou kredi sa a, anplis yon rezidans, yon apatman oswa yon kay mobil, yon bon lojman kapab yon refij tou, yon lojman tanporè oswa yon lòt kote e li pa oblige menm kote fizik la pandan tout ane ki gen enpo sou li a.

Si ou pa sèten ou kalifye oswa bezwen bay IRS la enfòmasyon, zouti sou entènèt sa yo kapab ede w.

- Itilize **Asistan Kalifikasyon** an pou w wè si ou kalifye pou pèman yo.
- Itilize **Zouti Enskripsiyon pou Non-Deklaran** an pou w soumèt enfòmasyon debaz yo si ou pa gen obligasyon pou w ranpli yon deklarasyon enpo ak si ou pa t bay IRS la enfòmasyon w yo deja.
- Itilize **Pòtal Aktyalizasyon Kredi Enpo pou Timoun** nan pou w verifye si ou enskri pou pèman avans yo. Ou ka itilize zouti sa a tou, pou w anile enskripsiyon nan pèman avans yo epi bay oswa aktyalize enfòmasyon sou kont labank ou.